Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 13 (7309)
23 Март 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## В районе прошли выборы

**18 марта наша страна, в том числе и Унцукульский район участвовал в проведении важнейшего политического события года – выборов Президента Российской Федерации.**

Всего на 1 января 2018 года в районе были зарегистрированы



15 209 избирателей.

Уже в 8 утра18 марта все 30 избирательных участков района распахнули свои двери для своих избирателей.

Отдать свой голос пришли люди разных возрастов. Среди которых были и те, кто голосовал впервые. Глава муниципалитета Иса Нурмагомедов пришел отдать свой голос на участок №1488 с. Майданское одним из первых.

В некоторых селах нашего района выборы проходили в праздничной атмосфере и сопровождались угощением национальными блюдами или спортивными состязаниями.

В 20:00 по местному времени двери избирательных участков были закрыты и начался подсчет голосов.

Подсчет голосов избирателей начался сразу после окончания голосования и проводился на избирательном участке непрерывно до установления итогов выборов. Его проводили члены участковой избирательной комиссии (УИК) с правом решающего голоса. Подсчет осуществлялся открыто, при этом в протокол вносились сведения о всех результатах выполняемых действий.

По результатам подсчета было установлено, что в Унцукульском районе проголосовало 14 028 человек, а это 92,51% от общего числа зарегистрированных избирателей.

За Путина В.В. из числа проголосовавших отдали свой голос 13 166 человек (93,86 %) , за Грудинина П.Н.-584 человек (4,16%) и за всех остальных кандидатов отдано всего 186 голосов.

Сами выборы в Унцукульском районе прошли без каких -либо нарушений и признаны состоявшимися.

## Иса Нурмагомедов благодарит избирателей

Уважаемые жители Унцукульского района! Дорогие избиратели !

18 марта мы с вами сделали важный выбор – проголосовали за кандидатуру Президента страны. В этот день каждый из нас исполнил свой конституционный и гражданский долг.

Отрадно, что каждый из нас не остался в стороне в тот день, когда решается судьба страны, наша с вами судьба.

Хочу выразить слова благодарности от себя лично, от имени администрации МО «Унцукульский район» и от имени районного Собрания депутатов и его председателя Казима Асадулаева, каждому, который принял активное участие в выборах. Это было одно из важнейших событий для нас и для всего российского народа. Спасибо вам за проявленную гражданскую позицию и политическую зрелость. На территории Унцукульского района выборы прошли спокойно и без нарушений, с высокой явкой – 92,51 % от общего числа избирателей. Результаты выборов наглядно подтвердили, что люди не хотят потрясений, они хотят созидания и мирного развития страны.

**(Окончание на 2 стр.)**

## Результаты голосования и итоги выборов Президента РФ




Действующий президент России Владимир Путин побеждает на выборах главы государства, набирая 76,66% после обработки 99,84% итоговых протоколов участковых избирательных комиссий. Кандидат от КПРФ Павел Грудинин занимает второе место с 11,80% голосов, на третьем месте кандидат от ЛДПР Владимир Жириновский с 5,66% голосов. Соответствующие данные обнародовал в понедельник ЦИК РФ.

За Путина в абсолютных показателях проголосовали, согласно последним данным, более 56,206 млн человек. За Грудинина отдали свои голоса свыше 8,6 млн, за Жириновского — порядка 4,15 млн избирателей.

Четвертое место занимает выдвинутая «Гражданской инициативой» Ксения Собчак с 1,67% голосов избирателей. За нее проголосовали более 1,22 млн человек.

За ней следуют Григорий Явлинский («Яблоко») с 1,04%, Борис Титов (Партия роста) с 0,76%, Максим Сурайкин («Коммунисты России») с 0,68%, Сергей Бабурин (партия «Российский общенародный союз») с 0,65% голосов. За каждого из них свои голоса отдали менее 1 млн человек.

При этом явка избирателей на выборах президента России, которые прошли 18 марта, составила, по предварительным данным,67,74%. «Предварительно, явка избирателей составила 67,46%, или 73,36 млн человек», — объявила в понедельник глава ЦИК РФ Элла Памфилова.

Россияне голосовали активнее, чем на прошлых президентских выборах 2012 года. Тогда явка составила 65,34%. На выборах 2008 года проголосовало 69,81% избирателей.

Она добавила, что досрочно в труднодоступных местностях и за рубежом проголосовало 181 тыс. человек.

По словам Памфиловой, у ЦИК по закону есть 10 дней на подведение окончательных итогов выборов. Только тогда и будет известна окончательная явка.

## В Дагестане- итоги выборов




19 марта Председатель Избирательной комиссии РД Магомед Дибиров встретился с журналистами. На пресс-конференции были озвучены предварительные итоги голосования на выборах Президента Российской Федерации

19 марта Председатель Избирательной комиссии РД Магомед Дибиров встретился с журналистами. На пресс-конференции были озвучены предварительные итоги голосования на выборах Президента Российской Федерации.

Магомед Дибиров проинформировал собравших ся журналистов, что 18 марта в день голосования на выборах Президента Российской Федерации, в Дагестане все 1 тыс. 915 избирательных участков, за исключением двух участков на которых ранее прошли досрочные выборы – с. Хушет Цумадинского района и с. Остров Чечень Кировского района г. Махачкалы, отработали в штатном режиме. В течение ночи все участковые избирательные комиссии республики подводили итоги голосования и до утра они были введены в систему ГАС «Выборы».

По предварительным данным, явка на выборах в Дагестане составила 87,5%. Голоса избирателей распределились следующим образом. За В.В. Путина в Дагестане проголосовал 1 млн 299 тыс. 520 человек – 90,73% избирателей, П.Н. Грудинина – 7,28%, Б.Ю. Титова – 0,38%, М.А. Сурайкина – 0,31%, В.В. Жириновского – 0,27%, К.А. Собчак — 0,26%, Г.А. Явлинского — 0,17%, С.Н. Бабурина — 0,12%.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 13 (7309)*

*23 Март 2018 сон*

2 гьумер

## Харжал цIикIкIинаризе

РФялъул Правительствоялъ республикаялъул бюжеталъулазе харжал цIикIкIинариялъе рехулеб буго 570 млн. гъур. гIарац. Гьеб гIарац ине буго харжазул минималияб размер цIикIкIинабиялъе. Май моцIалдаса нахъе гьеб цIикIкIине буго 11 163 гъур. ГIарац биччалеб буго федералияб гьоркьорлъаби лъикIлъиялъе, хIалтIул хайир борхиялъе



# Иса Нурмагомедов благодарит избирателей



Люди видят реальные дела и позитивные изменения во всех сферах нашей жизни, которые вызывают доверие и являются главным аргументом на любых выборах. Мы проголосовали за сильную страну, за стабильность, за будущее наших детей и внуков.

Позвольте выразить признательность всем участникам выборов: жителям района, руководителям учреждений, организаций и предприятий, ветеранам, молодежи и студентам, членам избирательных комиссий и наблюдателям.

Дорогие земляки! Мы сделали свой выбор и победили, чтобы с нашим Президентом строить новую сильную Россию, которая будет занимать достойное место в мировом сообществе.

Желаю всем добра, благополучия и плодотворной совместной работы. Убежден: сообща мы добьемся успехов во всех наших делах, и верю, что наш район будет дальше развиваться, внося вклад в процветание нашей огромной страны.

В заключение, я искренне поздравляю всех граждан с завершением выборов!

**С Уважением, Глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

Росдал магIишат

# Отчетал заманалда кьезин

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул нухмалъулев П. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь райадминистрациялдаТIобитIана росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул данделъи. Гьенир гIахьаллъана росдал магIишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубов, Энгельсил цIаралда бугеб СПКялъул нухмалъулев Н. Сайпулаев, Шамилил цIаралда бугеб МУПалдаса - А. Нуцалханов, Горькиясул – А. МухIамадов, «ИштIибури» с/з МУПалъул – М. Халилов, «ГIашильтIа» с/х МУПалъул - С. Палиев ва цогидаги.

Къойил темаялде босун букIана росдал магIишаталъул предприятиязул нухмалъулез жиндир гIужда статистикаялъул отделалде бухгалтерлъиялъул отчетал кьеялда хурхараб суал. Гьединго данделъиялда кIудияб кIвар кьуна гьел магIишатазда нахъа гIурал налогазул налъаби лъугIизариялде. Бицана ихдалил хIалтIабазде хIадурлъиялъулги. Лъазабуна отчетал кьей хехлъизабе,- ян.

КIалъазе вахъарав Ж. Якъубовас гьадин бицана: «Ихдалиде хIадурлъи унеб буго, щивас жинди-жиндир бакIалда хIаракатаб хIадурлъи гьабулеб буго ихдаде. ТIаса рищулел руго рекъизе санагIатал ракьал. Божилъи гьабизеги бокьун буго щивав нухмалъулес ихдалил хIалтIаби гIужда тIоритIиялде кIвар кьелин».

Данделъиялда жидецаго гьабураб хIалтIул бицун кIалъана магIишатазул нухмалъулел.

Ахиралда бетIерас жавабиязе заман цIана киналго ракьазда хурхун гьарулел хIалтIаби хехлъизариялъе.

**Нижер мухбир.**

РацIалъи – исламалъул аслу

# Культураялъул бицуна нилъер рацIа-ракъалъиялъ

Нилъер дагъистаниязе гIададияб жолъун лъугьун буго нухда рахьун чIун ругониги квараб конфеталъул кагъаталдаса байбихьун кинабго гIодобе рехулеб. ЗахIматаб жойищ бугеб нухда унаго кванараб кванил хут1елал ва гьеб гуреб цогидабги цо гьитIинаб пакеталъубги лъун цадахъ босизе.

РакIги гIамалги бацIадав, кинабго рахьалъан гIаданлъиги бугев, бечедав вугониги мискинав вугониги гьединав гIадамасдехун нилъер рокьи цIикIкIуна. Гьединав чIухIи гьечIев чиясул кидаго кьиматги букIуна. Гьединазулъ цIикIкIараб рухIияб бечелъиги букIуна. Жакъа нилъер цогояб рукъ – Дагъистаналъул кьимат борхатго ккезе ккани нилъее кьватIиса рачIараз кьимат кьола нилъер росабалъ ва шагьаразда бугеб рацIа-ракъалъиялъухъ балагьун. Гьедин дица абилароан нилъер мадугьалихъ бугеб Чачаназул ракьалда рукIкIен гIанисеб чороклъи нухда кьватIазда бихьарабани. Нилъ лъидаса къадарал ругел рацIалъи гьабизе?!

Кинал росабалъе нилъ щваниги гьениб бугеб бацIалъи-хъублъиялъул бицине бокьула киназего. Амма, нилъерго росабалъ, кIкIалабахъ, кьватIазда бугеб чороклъи кIочон тола.

Унго-унгояб гIадамазул кидаго рацIалъи магIарухъ цо рокъоб гуреб, кьватIибги жалго ругеб бакIалдаги букIуна. Нилъер магIарухъ рукIана росаби ва жеги руго боцIи-панз росабаздаса батIаго хьихьулел ва гьединго щибаб рузман къоялъ киналго рахьун росу бацIад гьабулел.

Гьанжесеб заманалъул гIолохъанаб гIелалда жеги лъалеб гьечIо лъималазе рацIалъиялъул рахьалъ битIараб тарбия кьезе. Щай-гурелъул киназего цIакъго цIикIкIун рокьулел руго лъимал, берцин бихьулеб буго гьез гьабунщинаб, гьединго х1алт1изабулеб буго кинабго кьватIиса бачIараб квен-тIех ва ретIел. КIочон толеб буго нилъер магIарулазул рукIа-рахьин. ХIатта гIемер чIухIиялъ росабалъцин бицунеб буго гIурус мацI. КIочоне толеб буго нилъер мацI ва адабият, нилъерго тарих лъалебго гьечIо.



Дагъистан буго кIудияб рухIияб бечелъи бугеб бакI. Гьелъулъ хасаб бакI ккола нилъер Унсоколо районалъги. Жакъа цо чанго районалде унеб тоннельги нухалги ругеб, тарихалъул аслияб бакIлъун ккoлеб нилъеца киназдаго мисал бихьизабизе ккола сундулго рахьалъ, цойгидаз нилъер кьимат гьабизе ккани. Араб соналъги нилъехъе гIемерал туристал рачIана ва жеги рачIинеги руго. Гьединлъидал нилъеда тIадаб буго нилъер ракь гьезда берцинго, бацIадго бихьизабизе.

Щибаб нухалъ уборщиказищ нилъер чороклъи бацIине кколеб? Щай нухазда кIиябго рахьалда гIодобе бараб гIала-гьважа букIине кколеб?

КъотIносан унаго лъималаз гIодобе рехулеб бугеб кагъат, шиша-къед кодобеги босизабун муссоралъул ящиказде жанибе рехизе малъизе кколеб жойищ бугеб? Гьединаб пишаялда ругел лъималазда рагIи абулеб гьечIо чIахIияз. Щай гьедин бугеб, бичIчIуларо.

Нилъер Шамильхъала поселок буго чанго соналъ гIемерал гIадамаз захIматги кьун бараб, шагьаралъулаб инфраструктура бугеб бакI. Гьадинаб берцинаб бакI гьечIо Дагъистаналдаго. Жакъа цо кьоялъниги бакIаричIого хутIани къватIалги, паркги цогидал бакIалги мусоралъ росун ине лъугьу на. Гьеб буго гIадамазул гIадло гьечIолъи. Гьебго хIал букIуна нилъер росабалъги. Шамильхъалаялда кинал подъездазде щваниги рекъечIеб чороклъи батула. Щай бегьулареб руччабаз жидерго кIалтIа бакI бацIадго чIезабизе. Щай бегьулареб цоги шагьаразда гIадин домофоналги лъун подъездалъул кIалтIаби нуцIбиги къан, рукIине ва рацIадго чIезаризе.

РацIалъи исламалда жаниб цIакъ кIвар кьолеб суал буго. Гьедин бугелъул гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьезе тIадаб буго исламалъул гIалимзабазеги, пачалихъияб учреждениязеги. Бицине ккела гIолилазда киналго исламалъул хьвада-чIвади, рукIа-рахьин. Гьел лъачIолъиялъ гIемерал къварилъаби рихьана нилъеда...

Доб Советияб хIукуматалъул заманалда нижее рукIунаан этика ва эстетика абурал дарсал. Гьанжесеб гIелалда гьел рагIабазул магIнацин лъаларо. Щай гьедин бугебали бичIчIизе захIмалъула. Киналго руссун руго вацапазде. Гьединлъидал кинабго культуралъай гьениб бугин кколеб буго г1адамазда.

**Бокьилаан рацIалъи цIуниялъул рахьалъ гIадамаз жидерго пикру газеталде хьвани. Хасго гьелъул кIвар буго Россиялъ нилъедехун гьадинаб бербалагьи гьабулеб ва сверухъ бугелъухъ балагьун нилъее кьимат кьолеб заманаялда.**

**Х. ХIАСАНОВА.**

# Поэтасулгун дандчIвай



I5 марталда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе гьоболлъухъ вачIун вукIана аваразул машгьурав поэт ва хъвадарухъан МахIмуд-Апанди МухIамадов. Гьенивго гIахьаллъана РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовги.

Гьединаб дандчIваялъе гIиллалъун ккана авар мацIалда МахIмуд-Апандил «Халкъияб тохтирлъиялъул хазинаялдаса»,-абураб тIехь къват1ибе бач1ин. ТIехь бикьун буго I4 бутIаялде ва бицунеб буго халкъияб медицинаялъул бечедаб ирсалъул ва пайдаялъул. ТIехьалда бицунеб буго пайдаял хурдузул ва рохьил пихъазул, гьезул даруял асаразул ва хIалтIизаризе кколеб куцалъул.

Районалъул бетIерас баркала загьир гьабуна М. МухIамадовасе халкъалъе гьабураб пайдаяб сайгъаталъухъ.

КучIдул хъвазе ва литератураялда тIад хIалтIизе М. МухIамадовас байбихьана школалъул саназдаго. Гьесул кучIдул рахъана Хунзахъ районалъул «Росдал магIишат», «Ахихъан», «ХIакъикъат» газетазда, «Гьудуллъи» альманахалда.

БатIи-батIияб конкурсазда гIахьаллзъун МахIмуд-Апандие щвана гIемерал шапакъатал, ХъахIабросулъа МахIмудил, Инхоса ГIалихIажиясул, АхIмад-хIажи Кадировасул юбилеязда хурхарал конкурсазда вахъана лауреатлъун, щвана гIемерал сайгъатал. 2003 соналдаса нахъе вуго Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъун.

КочIол, харбазул ва рухIиябгун гIамал-хасияталъул темаялда хъварал 26 тIехь къватIибе биччана МахIмуд-Апандил. Гьезие тIадегIанаб къиматги кьуна цIалдолез. Гьесул буго философияб къагIидаялъ гIумро бихьизабизе цIикIкIараб махщел, рагьулел гIамал-хаситазулъ буго цIияб, жеги такрарлъичIеб чIаголъи. Гьединаллъун ккола «Рокьул ирс», «УнкъбокIонал чIинхал», «Харахьиса бахIарзал», «Болъихъе сапар», «Дир росуцоял» ва гь. ц.

Машгьурав авторлъун вахъиндал гьес босана МахIмуд-Апанди абураб псевдоним.

Гьал къоязда МахIмул-Апанди вукIана районалъул цогояб информационнияб хъулухъалъухъ ва «Ахихъан» газеталъухъ гьоболлъухъ.

**ЦIияб тIехь**

## «Халкъияб тохтирлъиялъул хазинаялдаса»

ШигIриябги, харбилабги, рухIиябги къоло щугониги тIехь къватIибе биччарав, магIарулазда гьоркьоб цIар тIибитIарав хъвадарухъан МахIмуд-Апанди МухIамадовас гьаб нухалда нилъее сайгъат гьабун буго сахлъи цIуниялъе инсанасе чара гьечIого хIажатабщинаб жанибе бачараб «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб тIехь. Цогидалъул бицинчIониги, жибго тIехь I4 бутIаялде бикьун букIиналъги бичIчIулеб буго тIехьалъ гьорлъе бачунеб тохтурлъиялъул бечедаб ирсалъулги, гьеб ирсалъ инсанасул сахлъиялъе кьезе бугеб пайдаялъулги, гьелдаса бахине бугеб баракаталъулги. ТIехьалъул цоги кIвар бугеб рахълъун ккола, гьенир ругел, жидер бицен гьабулел хурдузулги, пихъазулги, цогидал нигIматазулги суратал гьезул хIакъикъиял кьералдалъун лъун рукIин. Гьелъги кIудияб кумек гьабила гIадамазе, жидее




хIажатаб тIегь-хералъулгун лъай-хъвай гьабизеги гьездасан пайда босизеги.

***Дозул доба кин бугеб?***

## *Япониялда гIумро-яшав*

Бакъулаб улка Япониялда гьелъул халкъ лъикIго ругьунлъун буго жидерго бетIергьанлъиялъулаб бакI цIунизе. Гlемерисел гIадамал ругьунлъун руго бицун чи божулареб къваридаб бакIалда гIумро гьабизе. Щивасе гIумро гьабизе бихьизабураб бакI гьениб буго кепкиде цIаларебгIанги гьитIинаб, лъабго килищалъ борхатаб гьат мокърукь бугеб ва I,5 квадратияб метр жаниб площадь бугеб. Гьеб бакIалда японцазухъа бажарула гIодов чIун хIалхьи гьабизе, хIалтIизе, кьижизе. Рукъзал гьенир рукIуна цоцада гIагарда, цоясул гордухъан цойгидасул гордухъе квер гIунтIулеб куцалъ.

Бицун бажарулареб чIалгIеналда ругониги, дунялалда тIадго бищунго халатаб гIумро букIуна японцазул. Щайгурелъул гьел ругьунлъун руго жидерго хириял гIорхъаби махщалида цIунизе. ХIехьезе кIоларел нервабазде хIалккей кканиги, гьекъола хурдузул чай, цIикIкIараб дагIба-рагIиялъул лъугьа-бахъиназда гIахьаллъуларо. ГIумро гьабула гIодоре риччан, бугелда ракIги рази гьабун.

# ХIажиев МухIамад ХIажиевич



20I8 соналъул I6 марталда 68 сонил гIумроялда хехаб унтиги чIван нилъедаса ватIалъана гьайбатав инсан, гIалимчи-агроном ХIажиев МухIамад ХIажиевич.

ХIажиев МухIамад ХIажиевич гьавуна Унсоколо районалъул Балахьуни росулъ учителасул хъизаналда. I964 соналда лъугIана Балахьуни микьго сонил школа, I966 соналда гьоркьохъеб школаги.

I967 соналдаса I968 соналде щвезегIан хIалтIана «ГъаракIуни» совхозалда.

I968 соналъул маялдаса I970 соналде щвезегIан хъулухъ гьабуна Советияб Армиялъул кьеразулъ, Ленинградалъул гражданлъиялъулаб оборонаялъул войскаялда. I970-I975 соназда цIалана Дагъистаналъул Росдал магIишаталъул институталда ва щвана гIалимчи-агроном абураб специальность.

I975 соналъул февралалдаса I98I соналъул ноябрь моцIалде щвезегIан хIалтIана «ГъаракIуни» совхозалъул бетIерав агрономлъун. I98I соналъул ноябралдаса I985 соналъул августалде щвезегIан хIалтIана «Зирани» совхозалъул бетIерав агрономлъун. I985-I987 соназда вукIана совхозалъул патркомлъун. I987 соналъул октябралдаса «Зиранинская» МСПМКялъул начальниклъун. I998 соналдаса нахъе хIалтIана Унсоколо районалъул лъелъ гъанкъулел ракьазул отделалъул начальниклъун.

Ахириял саназда вукIана районалъул бетIерасул кумекчилъун, госучреждениязул райкомпрофсоюзалъул председательлъунги.

Чанго нухалъ вищана районалъул Собраниялъул депутатлъун. I990 соналда вищун вукIана Дагъистаналъул Верховный Советалъул депутатлъун.

Кив хIалтIаниги МухIамад ХIажиевич кидаго ватIа гьавулаан гIамал берцинлъиялъ, гIадатлъиялъ, гIадлу-низам букIиналъ, тIабигIаталъго кьураб интеллигентносталъ, тIадегIанаб махщалилаб хIадурлъиялъ.

ТIабигIияб гIакъиллъиялъ ва качественнияб лъаялъ гьес махщалида тIуралаан росдал магIишаталда хурхарал ва цогидалги специальносталдаса рикIкIадал хIалтIабигицин.

Щивасул рекIелъе нух бахъизе бажариялъ, жиндирго пикро букIиналъ коллективалда гьесул бажарулаан бокьарал суалал тIуразе, аскIор хIалтIулезда гьоркьоб букIана къадру-къимат. Гьес киданиги жиндирго тIадаб иш цогидасде рехулароан, киналго захIматал суалал тIуразаризе живго жувалаан, заман гьечIин яги цIикIкIараб хIалтIи бугин щибниги толароан.

Нилъедаса ватIалъана гвангъарав инсан, лъабго лъимал лъикIаб тарбия кьун куцарав мисалияб хъизаналъул кIудияв, божи бугев гьудул, махщел бугев, щивасул хIурмат гьабулев инсан. Нижеда киданиги ракIалдаса инаро унго-унгояв инсан МухIамад ХIажиев!.

«Унсоколо район»МОялъул Администрациялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул, киналго госучреждениязул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул хъизаналда, лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда **ХIажиев МухIамад ХIажиевич** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Районазда гьоркьосеб налоговияб инспекциялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьелъул начальник ХIажиев ХIажида ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул эмен

**ХIажиев МухIамад**

къокъидго унтиги чIван, Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги, гIумроги кьеги!

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 22. 3. 18 г. 15. 30
фактически -17. 50 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.